



WORKERS'  
COMPENSATION

## Resous & Enfòmasyon Kontak

Eskane kòd QR la pou w ka gen aksè fasil a plis  
enfòmasyon, detay kontak biwo, fòmilè, ak opsyon  
kontak dirèk:



# Konprann dwa w ak responsabilite w nan espas travay la

[Konprann Konpansasyon Travayè](#)

Divizyon Afè Endistriyèl sipòte efò w yo pou w  
kreye yon espas travay ki jis e ki an sekirite.  
Ansanm, nou ka asire ke biznis ou non sèlman  
satisfè egzijans legal yo, men tou pwospere grasa  
yon mendèv ki otorize.



DELAWARE DEPARTMENT OF LABOR  
DIVISION OF  
**INDUSTRIAL  
AFFAIRS**



## Konprann Konpansasyon Travayè

Konpansasyon Travayè obligatwa atravè eta a. Li ede anplwaye ki gen blesi ak maladi ki gen rapò ak travay yo. Nan Delaware, Konpansasyon Travayè kouvri swen medikal ak salè ke anplwaye a pèdi. Li kouvri tou sèvis reyabilitasyon. Li asire sipò ak pwoteksyon travayè yo ak anplwaye yo.

## Kisa pou w fè si w blese nan travay la

### Chèche asistans medikal imedyatman

- Sante w se priyorite. Jwenn premye swen oswa swen ijans imedyatman.
- Enfòme siphèviziè w la oswa patwon w konsènan ensidan an ak blesi w la pi vit posib

### Rapòte blesi a

- Depoze yon rapò alekri ki detaye ensidan an, menm si aksidan an sanble minè. Sa a ta dwe fèt pi vit ke posib, anjeneral nan 24 èdtan.
- Dokimantasyon enpòtan anpil. Mete lè, dat, nati aksidan an, ak fason li te fèt.

### Konnen opsyon founisè medikal ou yo:

- Konprann kiyès founisè swen sante ki apwouve yo ye, kontakte Biwo Konpansasyon Travayè a, HCPaymentQuestions@Delaware.gov
- Pou ka ijans, ou ka ale nan etablisman ijans ki pi pre a.
- Pou kontakte Biwo Konpansasyon Travayè a, tanpri rele nimewo prensipal nou an epi resevwa direksyon pou biwo nan zòn ou an. (302) 761-8200

## Dwa Ou kòm yon Anplwaye

**Dwa a Swen Medikal:** Jwenn tretman ke w bezwen apre aksidan travay. Lwa Delaware pèmèt ou chwazi pamì yon lis founisè swen sante sètifye.

**Dwa a Konpansasyon Ekitab:** Resevwa benefis pou salè ke w pèdi, depans medikal, ak sèvis reyabilitasyon si w pa ka travay akòz yon aksidan.

**Dwa pou w retounen travay:** Sekirize travay ou pou lè w refè. Si w pa kapab fè ansyen travay ou a, sèvis yo disponib pou ede w jwenn travay ak fòmasyon. Kontakte Depatman Travay la pou plis enfòmasyon.

**Dwa pou yo fè reprezay kont ou:** Ou gen pwoteksyon kont vanjans anplwaye a lè w depoze yon reklamasyon konpansasyon travayè.



## Responsabilite w kòm yon Anplwaye

**Konfòme w ak Pwotokòl Sekirite:** Swiv tout direktiv sekirite yo epi aplike fòmasyon sekirite ky yo bay yo pou w anpeche blesi nan travay.

**Rapòte blesi yo bay patwon ou touswit:** Di laverite sou ensidan an. Sa ap ede envestigasyon an. Ale nan tout randevou medikal. Swiv plan tretman an pou yon rekiperasyon rapid. Kenbe dosye detaye sou aksidan an ak tretman ou an. Epitou, sonje komunikasyon w ak patwon w ak nenpòt depans.

## Konsekans legal lè w pa suiv pwo sedi yo

### Pou Anplwaye yo:

Si w pa rapòte yon aksidan alè, sa ka lakòz yo refize konpansasyon travayè w la. Bay fo enfòmasyon oswa pa swiv tretman ka lakòz pèt benefis yo. Li ka lakòz tou aksyon legal.

### Pou Anplwaye yo:

Anplwaye ki pa bay espas travay ki an sekirite yo ka fè fas ak amand. Yo dwe swiv tou lwa konpansasyon travayè leta yo. Si yo pa fè sa, yo ka fè fas a penalite legal ak pi gwo prim asirans. Vanjans kont anplwaye ki fè reklamasyon yo ka lakòz pwo sè. Pwosè sa yo ka pote gwo amand.

Si w gen nenpòt kesyon sou règleman konfòmite, tanpri kontakte inite Konfòmite Biwo Konpansasyon Travayè a, [dol\\_dia\\_wc\\_compliance@delaware.gov](mailto:dol_dia_wc_compliance@delaware.gov).

